

METÒD POU ANTRE SOU SINGLE SIGN-ON (ELÈV)

1 – Antre sou <http://sso.browardschools.com>

2 – Chèche ba mov ki gen tit **Register Now / Login** nan

Klike sou lyen an, l ap Mennen w nan paj login nan

USERNAME– **10-chif nimewo kat elèv la kòmanse pa 06**

PASSWORD – **Pmm/dd/yyyy**

Pa egzanp: Pou yon elèv ki ta fèt 1^{ve} janvyè 2004, modpas la = P01/01/2004 (li obligatwa pou w tape enfòmasyon Password la egzakteman nan fòm sa a)

*****Si ou ta oblije itilize imèl pitit ou pou antre sou platfòm SSO a, tanpri itilize fòm sa a:**

06XXXXXXXX@my.browardschools.com (modpas la (PASSWORD) kenbe menm fòm ak anwo a):

METÒD POU ANTRE SOU CANVAS (ELÈV)

1 – Antre sou sso.browardschools.com

2 – Elèv la ap konekte ak nimewo kòd li ak modpass li (Password) (swiv menm demach anwo yo) pou li antre sou paj SSO pèsònèl li.

3– Chèche bouton CANVAS la epi klike sou li pou konekte.

4 – Itilize bouton “COURSES” la ki sou bò goch ekran an pou w ka jwenn paj Canvas pwofesè ou.

5 – Lè w fin antre sou klas Canvas la, tcheke anons yo (announcements) ki anwo nan tèt paj la, epi glise desann pou w ka antre sou devwa yo (Assignments), etc.

6 – Pwofesè a ap bay lyen pou videyo-konferans sou Teams, lè li ap fè ansèyman andirèk

TEKNIK POU KONEKTE SOU TEAMS/ REYINYON TEAMS

1 – Swiv yonn nan opsyon sa yo pou lanse **Microsoft Teams** (si “Teams” pa louvri otomatikman lè ou antre sou laptop la):

- Sou òdinatè Windows, klike **Start**  > **Microsoft Corporation** > **Microsoft Teams**.
- Sou òdinatè Mac, ale nan **Applications** epi klike **Microsoft Teams**.
- Sou paj entènèt, ale sou <https://teams.microsoft.com>.

2 – Konekte avèk non itilizatè w ak modpas SSO ou/ “Username ak Password” (Nimewo elèv la ki dwe kòmanse pa “06” ak dat nesans li, nan fòm sa a: Pxx/xx/xxxx).

Reyinyon sou Teams yo pi bon lè se aplikasyon Teams nan nou itilize pou n konekte oswa nan Teams sou entènèt, e gen anpil mwayen nou ka fè sa:

Pou konekte avèk yon lyen ou te resevwa: Chwazi **Join Microsoft Teams Meeting** ki nan envitasyon yo te voye ba ou pou reyinyon an; lè sa a lap Mennen w sou yon paj kote w ap ka chwazi swa pou w konekte pa mwayen entènèt, swa pou w telechaje pwogram/ aplikasyon Teams nan sou òdinatè ou. Si ou te gentan gen aplikasyon an enstale deja, reyinyon ap louvri otomatikman. Si ou potko genyen l, ou

gendwa wè opsyon pou w tape non w pou w ka antre nan reyinyon an antanke envite (**Guest**), si òganizatè reyinyon an otorize sa. Si ou pa genyen yon kont Teams, chwazi opsyon **Sign in** lè w ap konekte pou w ka gen aksè ak tchat la epi rès lòt opsyon yo tou. E tou depann de jan òganizatè reyinyon an pwograme aksè nan reyinyon an, ou ka antre nan ladann tou swit oswa ou al ret tann nan yon chanm vityèl kote se lòt moun nan reyinyon an ki pou ba ou aksè pou w antre sou li.

Pou konekte atravè yon kalandriye: Chwazi **Calendar**  sou bò dwat nan aplikasyon an pou ka wè reyinyon yo. Chèche reyinyon ou vle antre sou li a, epi chwazi **Join**. Oswa, si yon moun gentan kòmanse reyinyon an, ou ap resevwa yon mesaj ki gen enfòmasyon pou w itilize pou antre nan reyinyon an.

Pou konekte nan chanèl: Si se nan yon chanèl reyinyon ap fèt, w ap wè yon envitasyon pou w ka antre, ak kontni ki enpòtan yo, epi ki moun ki nan reyinyon an, sou chanèl la menm. Sèlman chwazi **Join**.

Pou konekte atravè yon gwoup tchat (Chat): Si reyinyon an gentan kòmanse, l ap parèt nan dènye lis tchat ou a. chwazi reyinyon ou vle a, nan lis tchat la; epi chwazi **Join** anwo nan tèt tchat la.

Pou konekte nan telefòn: Si w pa gen posibilite pou itilize aplikasyon Teams nan pou w konekte, oswa nan opsyon Teams sou entènèt la, ou ka itilize yon nimewo telefòn pou w antre nan kèk reyinyon. Si genyen yon nimewo telefòn ak yon nimewo konferans (Conference ID) nan envitasyon ou te resevwa pou reyinyon an, sèlman rele nimewo a pou w ka antre nan reyinyon an. Si nimewo ki nan envitasyon pata yon nimewo local, chwazi **Local numbers** pou w ka jwenn yonn ki lokal.

Pou ajoute yon chanm vityèl pandan w konekte: Lè w ap chwazi opsyon paramèt pou odyo ak videyo, w ap wè opsyon pou w ajoute yon chanm vityèl pou w ka itilize pou aparèy odyo ak videyo. Aparèy ou a gendwa menm gentan detekte yon espas pou ou grasa opsyon “Bluetooth” la. Si sa rive, w ap wè non chanm vityèl la an ak opsyon pou w ka konekte epi ajoute li: **Join and add this room**. Si espas la gentan nan reyisyon an, lè sa a ou ka sèlman antre ladanl ak odyo w tou fèmen “**Join with audio off**” pou w pa deranje lòt moun ki gentan prezan yo. Si aparèy ou pa detekte okenn espas, chwazi opsyon **Add a room** ki nan “**Other join options**” epi chèche espas ou vle itilize a.

TEKNIK POU JWENN LIV DIJITAL YO

1 – Antre sou SSO antanke yon elèv (swiv menm direksyon nou te bay anwo yo)

USERNAME – **10-chif nimewo kat elèv la kòmanse pa 06**

PASSWORD – **Pmm/dd/yyyy**

Pa egzanp: Pou yon elèv ki ta fèt 1^{ye} janvyè 2004 = P01/01/2004

2 – Chèche Aplikasyon (app) ki rele **ONLINE STUDENT TEXTBOOKS** la epi klike sou li

3 – Nan bò goch ekran an, chèche bouton ki ekri **HOME** nan

Anba HOME w ap wè **ELEMENTARY** – klike sou **ELEMENTARY**

4 – Kounya a, ou ta sipoze sou paj wèb ki gen tit ELEMENTARY TEXTBOOKS

Anba ekran an, w ap wè **Language Arts, Mathematics, Science, Social Studies**

5 – Klike sou matyè oswa kou ou vle a, Apresa, glise desann pou w ka wè klas pitit ou a.

Klike sou lyen yo bay pou jwenn liv elèv la.